

Tou sa ou bezwen konnen konsènan app otobis lekòl NYC a.



Nou ap elimine ensètitud lè y ap vin chèche ak depoze pitit ou a lekòl. Suiv trajè elèv ou a pou l ale ak retounen soti lekòl avèk yon app pou suiv otobis lekòl ki fasil, fyab, nan tan reyèl.

Ou pare pou kòmanse? Ale nan App Store oswa Google Play Store epi chèche **NYC School Bus App** pou telechaje aplikasyon an, oswa ale sou doe.app.ridewithvia.com pou wè app Caregiver Web App.

Suiv etap sa yo pou kòmanse san pèdi tan.

1. Jis konekte avèk enfòmasyon Kont Lekòl NYC (NYCSA) ou a. Si w poko gen enfòmasyon sa yo, ale nan mystudent.nyc pou enskri, oswa kontakte lekòl pitit ou a pou ede w.



Tou sa ou bezwen konnen konsènan app otobis lekòl NYC



a.


2. Sou ekran prensipal la, ou ka wè kote ki asosye avèk chak elèv sou kont NYCSA ou.

N ap bay nimewo wout elèv ou a ak non chofè li a anlè ekran an. Si ou pa wè otobis la sou kat la, kontakte konpayi otobis elèv epi ba yo nimewo wout la pou fè yo konnen chofè a pa nan wout pou l ye a.



Ou gen kesyon?

Jwenn yon lis kesyon moun poze souvan FAQ lè w tape **Support**, epi apre **FAQ**. Si w bezwen sipò anplis pou app la, tanpri kontakte lekòl elèv ou a.



Ou bezwen èd?

Pou kontakte konpayi otobis elèv ou a oswa lekòl la, tape **Support** nan pati anba ekran w lan, epi apre tape **Contact Support**. Enfòmasyon sa yo disponib pou chak elèv ki asosye avèk kont NYCSA w la.